

8 YÈM ANE

NIVO ENTÈMEDYÈ

EGZAMEN SYANS SOSYAL

PREMYE LIV

POU REPONS KI BYEN ÒGANIZE EPI KI GEN OBJEKTIVITE

JEN 2002

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Premye pati a ak dezyèm pati a nan ti liv sa a; twazyèm pati a nan dezyèm liv sa a.

Premye pati a gen 45 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papye apa. Itilize yon kreyon nimewo de (2) sou fèy repons lan.

Dezyèm pati a gen plizyè kesyon ki merite yon repons kout. Ekri repons ou yo pou dezyèm pati a nan espas ki la pou sa nan ti liv sa a.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan premye liv la.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN

Premye pati

ESPLIKASYON

Gen 45 kesyon nan premye pati egzamen sa a. Apre chak kesyon gen kat repons ki gen nimewo 1 – 4. Chwazi bon repons la. Make repons ou yo nan fèy kote pou ekri repons yo. Pou chak kesyon yo nwasi ti sèk ki gen menm nimewo ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon pou ou make repons ou yo sou fèy la.

Li egzanzp ki la a:

Egzanzp

Ki vil ki kapital Etazini?

- (1) Boston
- (2) Washington, D.C.
- (3) New York City
- (4) Philadelphia

Repons lan se nimewo **2, Washington D.C.** Sou fèy y pou ou make repons la n, chache bwat ki gen ranje ti sèk kote pou mete repons pou egzanzp sa a. Kòm se nimewo **2** ki repons la pou kesyon sa a, ranpli ti sèk ki gen nimewo **2** sou kote li a.

Reponn tout kesyon premye pati a menm jan an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons efase l byen efase. Si ou pa konn repons kèk nan kesyon yo, fè sa w kapab pou w reponn chak kesyon.

Lè ou fini ak premye pati a ale nan dezyèm pati a.

Premye Pati

Reponn tout kesyon nan pati sa a

Esplikasyon (1–45): Pou chak deklarasyon oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo oubyen espresyon ki pi byen konplete deklarasyon an oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.

1 Avèk ki matyè pou etid mo sa a yo asosye:
atifak, datasyon ak kabòn, sit yo fouye?

- (1) akeyoloji
- (2) syans ekonomik
- (3) enstriksyon sivik
- (4) sosyoloji

2 Ki dokiman yo gade tankou sous prensipal la?

- (1) yon tèks nan liv sou Revolisyon Ameriken an
- (2) yon ajanda pèsònèl yon moun ki te travay nan yon atelye klandesten te ekri
- (3) yon atik ansiklopedi sou Peryòd Rekonstriksyon an
- (4) yon biyografi sou lavi John D. Rockefeller

3 Kilès nan deklarasyon sa a yo ki bay prèv Ameriken Endyen natif natal yo te adapte yo a kote yo tap viv la?

- (1) Pueblos yo te devlope yon sistèm irigasyon pou agrikilti.
- (2) Tout tribi ki te nan Gran Plenn yo pa t pale menm lang.
- (3) Maya yo te fè anpil pwogrè nan matematik.
- (4) Delaware yo te sèvi ak tradisyon pale pou rakonte istwa yo.

4 Nan ki zòn Etazini premye kominote angle a te tabli?

- (1) Nòvès Pasifik
- (2) Gran Plenn yo
- (3) Kòt Atlantik
- (4) Gran Lak yo

5 Sou kote ki rivyè pifò nan kominote nan Nouvèl Frans yo te tabli?

- (1) Mohawk
- (2) Idson
- (3) Sen Loran
- (4) Misouri

Baze repons ou pou kesyon 6 ak 7 sou seksyon ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Se Gran Konsèy la ki te gouvènen Konfederasyon an. Manm li yo, se te 50 *sachèm*, oswa chèf, ki te chwazi nan konsèy chak tribi nan nasyon an. Men sèlman, Gran Konsèy la te pran desizyon pou tout Konfederasyon an. Gran Konsèy la te genyen kòm responsabilite pou l fè lapè reye pami manm yo. Li te okipe zafè politik ak zafè militè tou, tankou trete ak lòt nasyon endyen, epi deklare lagè.

6 Ki gwoup Ameriken Endyen natif natal ki te fòme Konfederasyon ki pale nan seksyon sa a?

- (1) Algonken
- (2) Seminòl
- (3) Navawo
- (4) Iwokwa

7 Ki lide demokratik ki parèt nan seksyon sa a?

- (1) gouvènman reprezantatif
- (2) revizyon jidisyè
- (3) sifraj inivèsèl
- (4) kontwòl ak ekilibre

8 Pawòl ki di « Pa peye taks san reprezantasyon » an t ap pale taks ki moun te pran desizyon fè peye:

- (1) lejislètè kolonyal yo
- (2) reyinyon moun nan vilaj
- (3) Palman Angletè
- (4) Premye Kongrè Kontinantal

9 Kilès nan gwoup evennman sa a yo ki ekri nan lòd kwonolojik kòrèk?

- (1) Fèt pou Te nan Boston → Deklarasyon Endepandans → Lagè Franse ak Endyen
- (2) Lagè Franse ak Endyen → Fèt pou Te nan Boston → Deklarasyon Endepandans
- (3) Deklarasyon Endepandans → Lagè Franse ak Endyen → Fèt pou Te nan Boston
- (4) Lagè Franse ak Endyen → Deklarasyon Endepandans → Fèt pou Te nan Boston

Baze repons ou pou kesyon 10 ak 11 sou deklarasyon ki pi ba la a yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Patisipan A: « Prezidan an pa renmen lwa Kongrè a ap vòt sou li a. Li pa kwè se yon bon bagay pou gouvènman an fè. »

Patisipan B: « Si prezidan an vle bloke lwa a tout bon vre, li gen pouvwa pou l fè sa. »

Patisipan C: « Menm si prezidan an bloke lwa a, Kongrè a toujou kapab fè sa li vle, depi gen de tyè nan manm yo ki dakò pou vote pou lwa a. »

Patisipan D: « Kongrè a mèt fè sa li vle, men prezidan an gen konfyans depi Tribinal Siprèm tande lwa a, li pral deklare li pa konstitisyonèl. »

10 Ki pouvwa Kongrè a patisipan C a ap pale?

- | | |
|-----------------------------------|--------------------------------|
| (1) veto | (3) revizyon jidisyè |
| (2) pase sou desizyon prezidan an | (4) deklare prezidan an ilegal |

11 Ki prensip konstitisyon patisipan D a ap pale?

- | | |
|-----------------------------------|--------------------------------|
| (1) veto | (3) revizyon jidisyè |
| (2) pase sou desizyon prezidan an | (4) deklare prezidan an ilegal |

12 Nan Konvansyon sou Konstitisyon an, Gwo Konpwomi an te regle dezakò ki te genyen sou:

- (1) reprezantasyon nan Kongrè
- (2) kesyon esklavaj la
- (3) pouvwa pou prezidan mete veto
- (4) revizyon jidisyè

13 Kilès nan deklarasyon sa a yo ki bay yon opinyon sou rezon Lagè Revolisyonè a?

- (1) Kolonis yo te patisipe nan komès triyangilè.
- (2) Masak Boston an te fèt nan dat 5 mas 1770.
- (3) Samuel Adams te fonde òganizasyon yo rele Pitit Gason Libète (Sons of Liberty).
- (4) Lwa Kat Moso a (Quartering Act) te yon gwo vyolasyon libète kolonis yo.

14 Pandan premye pati nan 19yèm syèk la, pwoblèm ki te genyen ant Nò, Sid, ak Wès te vin bay:

- | | |
|-----------------|----------------|
| (1) seksyonalis | (3) federalis |
| (2) izolasyonis | (4) mèkantilis |

15 « Prèske tout Cheroki yo prizonye. Yo retire yo nan kay yo, epi yo mete yo nan kan anndan fò ak baz militè nan tout nasyon an... Yo pran pwopriyete anpil ladan yo, epi yo vann pwopriyete yo devan je yo pou po patat. »

Sa, se deklarasyon yon moun ki te la fè sou Chimen Dlo nan Je a (Trail of Tears) pou rakonte evennman ki gen rapò avèk:

- (1) Batay Little Big Horn
- (2) Lwa Dawes
- (3) Espedisyon Lewis ak Clark
- (4) Lwa pou te fè Depòte Endyen yo

16 Kilès nan evennman sa a yo ki te yon rezon enpòtan pou Lagè kont Meksik la (1846–1848)?

- (1) Konpwomi Missouri
- (2) dekouvèt lò nan Kalifòni
- (3) adopsyon Òdonans Nòwès la
- (4) aneksyon Tegzas

17 Lè liibliye Pwoklamasyon Emansipasyon an, Prezidan Abraham Lincoln:

- (1) pèdi sipò moun lan Nò yo pou lagè a
- (2) fè kesyon esklavaj la vin antre nan objektif lagè Inyon an
- (3) ranfòse prensip dwa Eta yo
- (4) fè lagè a fini touswit

18 Pandan ane ki vini touswit apre Lagè Sivil la, ki chanjman Revolisyon Endistriyèl la te pote?

- (1) Moun te pwodwi plis bagay lakay yo.
- (2) Te vin gen plis moun ki kite lavil pou ale rete sou plantasyon.
- (3) Gouvènman te mete plis règleman sou gwo komès la.
- (4) Yo vin sèvi ak plis machin pou pwodiksyon.

19 Pandan dènye nan ane 1800 yo, li te vin pi fasil pou jwenn lakou ki gen lantouray filfè, ak kay tè:

- (1) nan Gwo Plenn yo
- (2) lwen nan zòn Sid lan
- (3) Bò Gran Lak yo
- (4) nan Nòwès Pasifik

Baze repons ou pou kesyon 20 sou pwezi ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

« Voyer ban mwen tout moun ou genyen ki bouke,
ki pòv,
Tout gwo mas moun ou genyen ki swaf libète,
Tout moun yo pa vle ki rete nan peyi w.
Voyer yo ban mwen, moun ki pa gen kay, moun ki
dòmi nan seren,
M ap klere chimen pou yo antre nan pòt ki gen
lò a! »

— Emma Lazarus

20 Prensipal mesaj nan pwezi sa a, se te pou:

- (1) ankouraje esklav ki te vin jwenn libète yo, pou yo retounen ann Afrik
- (2) mande pou yo mete tout imigran ilegal nan prizon
- (3) resevwa nouvo imigran yo ak bra louvri nan Etazini
- (4) sipòte sistèm kota yo te mete sou imigran yo

21 Non Nathaniel Hawthorne, Edgar Allan Poe, ak Walt Whitman asosye pi byen ak pawòl sa a yo, pou Etazini:

- (1) refòm politik
- (2) literati
- (3) sendika travayè
- (4) mouvman popilis

22 Premye objektif moun ki t ap chache konbat koken yo, se te pou:

- (1) chanje jan imigrasyon te fèt nan Etazini
- (2) fè moun jwenn plis opòtinite ekonomik
- (3) denonse koripsyon nan komès ak nan gouvènman
- (4) goumen kont diskriminasyon ak segregasyon rasyal

Baze repons ou pou kesyon 23 ak 24 sou anons ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

ANONS!

N ap fè VWAYAJÈ ki vle pati nan vwayaj Atlantik la sonje gen yon lagè ant Almay ansanm ak alye li yo, kont Angletè avèk alye li yo; zòn lagè a kouvri lanmè ki bò Zil Britanik yo; n ap fè yo sonje, dapre avètisman ofisyèl Gouvènman Enperyal Alman an bay, yo kapab koule tout bato ki gen drapo angle oswa drapo nenpòt alye Angletè yo kontre nan lanmè sa a yo, epi vwayajè ki sou bato angletè nan zòn lagè a, sa yo pran se pou kò yo.

ANBASAD ENPERYAL ALMAN
WASHINGTON, D.C., 22 AVRIL, 1915.

23 Ki peyi ki te bay vwayajè entènasyonal yo yon avètisman nan anons jounal sa a?

- (1) Kanada
- (2) Almay
- (3) Angletè
- (4) Etazini

24 Ki evennman ki te rive touswit apre avètisman sa a te parèt nan jounal?

- (1) Premye Gè Mondyal koumanse nan Ewòp.
- (2) Etazini deklare Almay lagè.
- (3) Alye yo fè ladènye sou Pouvwa Santral yo.
- (4) Yo koule *Lizitanya* bò litoral Ilann.

- 25 Kilès nan rezilta sa a yo ki te soti nan Renesans Alèm (Harlem Renaissance)?
- (1) Pwoyibisyon te fini pou Ameriken Nwa.
 - (2) Yo te ankouraje fòmasyon kòporasyon ki gen moun tout ras.
 - (3) Fyète Ameriken Nwa pran jarèt nan vil yo.
 - (4) Anpil nan veteran Premyè Gè Mondyal ki te Ameriken Nwa pat ka jwenn travay.
- 26 Gen moun ki te kont Akò Tou Nèf la (New Deal) paske yo te kwè:
- (1) se te yon danje pou sistèm lib antrepriz la
 - (2) Kongrè te vin gen twòp pouvwa sou prezidan an
 - (3) yo pa t dwe bay fanm dwa vòt
 - (4) Tribinal Siprèm ta dwe pran desizyon pou gouvènman
- 27 Prezidan Franklin D. Roosevelt te fonde pwogram Prete-Afème a (Lend-Lease) an 1940 pou:
- (1) devlope pwogram nan Akò Tou Nèf la (New Deal) pou ede kiltivatè
 - (2) fè peyi Alye yo jwenn materyèl pou lagè
 - (3) transfere Ameriken Japonè yo
 - (4) fonde Nasyonzini
- 28 Pandan Premye ak Dezyèm Gè Mondyal, pou fanm yo te sipòte peyi yo nan lagè, yo te:
- (1) antre nan enfantri
 - (2) ale travay nan izin
 - (3) pran dwa pou yo vote
 - (4) retounen nan inivèsite
- 29 Prezidan Harry Truman te pran desizyon lage bonm atomik la sou Iwochima paske li:
- (1) te kwè premye kote Etazini te dwe genyen lagè a, se nan Azi
 - (2) pa t vle Inyon Sovyetik vin genyen teknoloji atomik
 - (3) te vle fè moun isit yo bliye pwoblèm anndan peyi a
 - (4) te vle fini lagè a vit, pou sove lavi Ameriken

- 30 Nan jijman Nirenbe yo te fè apre Dezyèm Gè Mondyal la, yo te jije moun ki te akize pou:
- (1) krim nan lagè nan Pasifik
 - (2) ekstèminasyon Jwif ansanm ak lòt kalite moun nan Ewòp
 - (3) bonm atomik yo te devlope
 - (4) ede Òganizasyon Trete Atlantik Nò (OTAN) bloke kominis


Baze repons ou pou kesyon 31 sou sitasyon ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

« N ap sèvi avèk fòs nanm nou, pou nou kontre ak fòs fizik ou. Fè nou tout sa ou vle, n ap kontinye renmen w. . . Lage bonm sou kay nou, menase fanmi nou, menase pitit nou, epi menm si sa difisil, n ap kontinye renmen w . . . »

- 31 Lide ki moun ki pi sanble lide ki parèt nan sitasyon sa a?
- (1) Prezidan John F. Kennedy
 - (2) Malcolm X
 - (3) Martin Luther King, Jinyò
 - (4) Senatè Joseph McCarthy
-
- 32 Lè Prezidan George Bush te pran desizyon pou voye sòlda nan zòn Gòf Pèsik la an 1990, sa te montre pouvwa konstisyonèl prezidan an kòm:
- (1) kòmandan an chèf
 - (2) chèf pati politik
 - (3) chèfdeta pou seremoni
 - (4) chèf kabinè a
- 33 Dapre prensip sou ofri vann ak mande achte a, si gen anpil ki ofri vann epi piti ki mande achte, sa lakòz:
- (1) tarif bese
 - (2) pri bese
 - (3) taks monte
 - (4) to enterè monte

Baze repons ou pou kesyon 34 ak 35 sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Vòt pou Chak Eta nan Eleksyon Ane 2000



34 Ki deklarasyon sou eleksyon prezidansyèl ki parèt pi byen nan kat sa a?

- (1) Tout Eta yo gen menm pouvwa nan eleksyon prezidansyèl.
- (2) Eta ki gen plis teritwa yo gen plis pouvwa nan eleksyon prezidansyèl.
- (3) Alaska [AK] ak Awayi [HI] pa patisipe nan eleksyon prezidansyèl.
- (4) Pouvwa Eta yo genyen, pou chwazi yon prezidan, pa menm jan.

35 Ki rezon yon kandida pou prezidan genyen pou l pase anpil tan ap fè kanpay nan Kalifòni [CA], nan Tegzas [TX], ak nan Nouyòk [NY]?

- (1) pou montre li sipòte kolèj elektoral la
- (2) pou fè kiltivatè vote pou li nan Eta sa a yo
- (3) pou li rive genyen plis vòt nan eleksyon an
- (4) pou li pa bezwen vwayaje lwen, pou soti nan yon Eta epi antre nan yon lòt

36 Pawòl ki di « pran melas pou fè wonm, pou bay esklav » la mache avèk

- (1) Mayflower Compact
- (2) mouvman tanperans lan
- (3) règleman gouvènman mete sou gwo komès
- (4) komès triyangilè

37 Nan ki mouvman Sojourner Truth, Fredrick Douglass, ak Harriet Tubman te patisipe?

- | | |
|-----------------|-----------------|
| (1) espansyonis | (3) Pwoyibisyon |
| (2) tanperans | (4) abolisyonis |

38 Kilès nan pawòl sa a yo ki dekri pi byen tandans ekonomik ki te domine dènye ane yo, nan 20yèm syèk la?

- (1) Kantite fanm ki te nan travay te kontinye desann tout tan.
- (2) Te vin gen plis machandiz ki vann nan Etazini, ki te fèt nan peyi etranje.
- (3) Te vin gen plis moun ki t ap travay nan agrikilti.
- (4) Te vin gen mwens konpyoutè ki sèvi nan kote moun ap travay.

39 Kilès nan tit sa a yo ki ale pi byen avèk ti rezime kout ki pi ba la a?

I. _____

- A. Nasyonalis entans
- B. Militar
- C. Alyans ki makonnen

- (1) Lakòz Premye Gè Mondyal
- (2) Lakòz Lagè Sivil la
- (3) Rezilta Doktrin Monroe
- (4) Rezilta Politik Bon Vwazinaj (Good Neighbor Policy)

40 Plan Marshall, Òganizasyon Trete Atlantik Nò (OTAN), ak Doktrin Truman, se egzanp ki montre bagay sa a yo pou Etazini:

- (1) politik ekonomik pandan peryòd Gwo Depresyon an
- (2) aktivite nan Ewòp apre Dezyèm Gè Mondyal la
- (3) goumen pou dwa sivik pandan ane 1960 yo
- (4) efò ki te fèt pou voye yon moun nan Lalín

41 « **Gwo Zam Lou ap Travèse Ewòp** »
(**Blitzkrieg Sweeps Across Europe**)
« **Ameriken Japonè ki Transfere** »
(**Japanese Americans Relocated**)
« **Truman Pran Pouvwa kòm Prezidan** »
(**Truman Takes Over as President**)

Ki peryòd nan 20yèm syèk la tit sa a yo ap pale?

- (1) Premye Gè Mondyal
- (2) Dezyèm Gè Mondyal
- (3) Lagè Vyetnam
- (4) Lagè Gòf Pèsik

42 Pran moun nan avyon Bèlen, Lagè Kore, ak kriz misil Kiba, tout sa a yo mache avèk:

- (1) Peryòd Pwogresif la
- (2) Akò Tou Nèf la (New Deal)
- (3) Bèl Sosyete a (Great Society)
- (4) Lagè San Tire a (Cold War)

Baze repons ou pou kesyon 43 ak 44 sou pawòl ki pi ba la a yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Patisipan A: « Se yon bon bagay, pou Etazini sezi Filipin anvan yon lòt peyi sezi l. Ni resous natirèl li yo, ni waf li a kapab sèvi nou. »

Patisipan B: « Nou sove Kiben yo anba men Espay. Sa ta yon gwo danje, si nou ta ba yo twòp libète; pou pwòp byen yo, nou oblije kontinye kontwòl yo. »

Patisipan C: « Nou pa kapab pran chans kite lòt gouvènman Ewòp voye lame yo nan Amerik Disid. Pou sekirite nou, se noumenm sèl ki dwe kontwòl emisfè sa a. »

43 Ki prensipal sijè moun sa a yo ap pale?

- (1) enperyalis
- (2) izolasyonis
- (3) netralite
- (4) Pwogresivis

44 Apre ki konfli konvèsasyon sa a sanble li te fèt?

- (1) Lagè Revolisyonè
- (2) Lagè Sivil
- (3) Lagè Espay kont Etazini
- (4) Dezyèm Gè Mondyal

45 Kilès nan tit sa a yo ki ale pi byen avèk ti rezime kout ki pi ba la a?

I. _____


- A. Moun te achte aksyon sou maj
- B. Gen moun ki te fè twòp kredi
- C. Demann pou machandiz te bese

- (1) Lakòz Gwo Depresyon an
- (2) Mouvman Sendika a pran fòs
- (3) Peryòd Dore
- (4) Rezilta Monopòl ak Regwoupman antrepriz (Trust)

Dezyèm pati

Ekri repons pou kesyon sa yo nan liv egzamen an, nan espas vid ki apre kesyon yo.

Baze repons ou pou kesyon 1 pou rive 3 sou ilustrasyon ki pi ba la a yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



1 Ki enfòmasyon nan ilustrasyon an ki ta vle fè kwè moun nan plantasyon an te fè tout bagay yo te bezwen genyen? [1]

Score-Nòt

2 Poukisa yo te bezwen yon kote ki tou pre dlo, pou ekonomi plantasyon an mache byen? [1]

Score-Nòt

3 Mèt plantasyon yo te di konsa yo te bezwen anpil travayè pou fè travay sou plantasyon yo. Di **de** jan travayè ta sèvi sou plantasyon sa a. [2]

(1) _____

Score-Nòt

(2) _____

Score-Nòt

Baze repons ou pou kesyon 4 pou rive 6 sou pòtre ki pi ba la a yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



4 Ki metòd pwodiksyon endistriyèl an mas ki montre nan pòtre sa a? [1]

Score-Nòt

5 Ki rezilta ki te genyen, lè yo sèvi ak metòd sa a pou fè machandiz pou moun sèvi? [1]

Score-Nòt

6 Bay *yon* avantaj ak *yon* dezavantaj ki te genyen pou travayè ki te sèvi nan kalite pwodiksyon an mas sa a. [2]

Avantaj: _____

Score-Nòt

Dezavantaj: _____

Score-Nòt


Katalòg Sears, Roebuck (pou ane 1890 yo)

Plizyè Kalite Machandiz.

Zouti pou Netwaye Chemine Lanp.

Nimewo 15054. Zouti sa a sèvi pou fè anpil bagay, men pou netwaye chemine, se pi bon envansyon ki genyen jouk jodi a. Desen an montre kouman li mete chifon netwayaj la an kontak avèk tout kote nan chemine a.

..... **3 kòb chak**
 **30 kòb pou**
 yon douzenn




15054
 Nimewo 15055. Fil pou Netwaye Chemine, pou Kenbe Chifon Asyèt, pou Rale Bouchon, elatriye.

..... **56 kòb pou yon douzenn**
 6 kòb chak;

Zouti pou Netwaye Mamit.

Chifon Chenn Po oswa Bag Filfè pou Netwaye Asyèt.

Nimewo 15056. Piti.
 **5 kòb chak**
 **54 kòb pou**
 yon douzenn
 Nimewo 15057. Gwo.
 **7 kòb chak**
 **75 kòb pou**
 yon douzenn



Nimewo 15058. Chifon Chenn Po oswa Filfè pou Kenbe nan Men. Manch Fil Tòde, bag ak fil klere.

..... **8 kòb chak;** **85 kòb pou yon douzenn**



Nimewo 15059. Chenn Po ak Gratwa Sansib la se yon atik nèf ki itil; chak bag double, sa ki fè li dire lontan. Manch lan fèt an fè pilyab; lam la fèt ak asye; manch lan ak gratwa a kouvri ak yon kouch eten. Pwa 4 ons; pri chak **10 kòb**; pri douzenn..... **1,08 \$**.



Nimewo 15060. Lave vesèl ou san ou pa mete menm w nan dlo cho.

Bwòs sa a fèt ak koton, epi li monte djannm sou manch lan. Longè 12 pous; pwa 4 ons; 8 kòb chak; . **87 kòb pou** yon douzenn


Tibouchon.



Gratwa Po Kochon.


Nimewo 15075. Gratwa Po Kochon. Ou pral rantrè lajan w depi premye fwa ou sèvi avèk li. Manch bwa, avèk boulon ki travèse gratwa a, ki fèt ak fèy asye nimewo 18. Pri chak..... **18 kòb**.

Nimewo 15076. Gratwa Po Kochon, fèt ak fèy fè nimewo 20. Pri chak..... **8 kòb**.



Fè pou Dantle.

Nimewo 15078. Fè pou Dantle, dan dyaman, 3/8, 1/2, 3/5, 3/4, 7/8, oswa 1 pous. 6 kòb chak; **65 kòb pou douzenn asòti**.



Woulèt.

Woulèt ak Plak pou chèz, tab, biwo, bifèt, elatriye... Desen Filadelfi, fasil pou mete; solid, rezistan.


Nimewo 15079. Woulèt ak Plak, wou an fè bwonze 7/8 pous. Desen Filadelfi. Pri pou kat..... **6 kòb**.

Nimewo 15080. Woulèt ak Plak, wou poslèn 7/8 pous. Desen Filadelfi. Pri pou kat... **7 kòb**.

Nimewo 15081. Woulèt ak Plak, wou « lignum vitae » 7/8 pous. Desen Filadelfi. Pri pou kat..... **8 kòb**.

Nan yon gwoup Woulèt pou Kabann, genyen kat woulèt ansanm ak reseptak pou woulèt yo.

Nimewo 15086. Woulèt pou Kabann, avèk 1 wou an fè bwonze 5/8 pous. Pri pou tout gwoup la..... **8 kòb**.



Nimewo 15087. Woulèt pou Kabann, avèk 1 wou an poslèn 5/8 pous. Pri pou tout gwoup la..... **9 kòb**.

Nimewo 15088. Woulèt pou Kabann, avèk wou « lignum vitae » 2 pous. Pri pou tout gwoup la..... **10 kòb**.

Bwat pou Lèt.

Nimewo 15094. Zanmi faktè. Bwat pou Lèt tou nèf, amelyore, ganiti an plak nikèl, reziste vòlè ak lapli; san resò ki pou bay pân.

Pri chak..... **50 kòb**.

Bwat Pòt-Fisèl.

Nimewo 15096. Bwat Pòt-Fisèl pandye, amelyore, ganiti an kwiv.

..... **12 kòb chak**.

Nimewo 15097. Bwat Pòt-Fisèl amelyore, pou kanpe poukont li, oswa chita sou yon kontwa; li gen yon baz ki pèmèt li vise sou kontwa a.

Pri chak..... **20 kòb**.



Kas-Nwazèt.



Nimewo 15098. Zouti pou Pike ak Kase Nwazèt, kouvri ak yon kouch nikèl; longè 5 pous. . .



Founo pou Chemine Lanp.

Nimewo 15100. Founo pou Chemine Lanp, byen chita nan nenpòt ki chemine lanp òdinè, tankou desen transvèsal la montre a. Dlo kapab bouyi nan kèk minit sèlman. **3 kòb chak;**
 **35 kòb pou**
 yon douzenn

Zouti pou Limen Dife.



Nimewo 15101. Zouti pou Limen Dife ak Kenbe lwil sa a p ap kraze; li sèvi pou limen dife bwa, pou boule pay ak fatra, boule ensèk ak vè ki nan pyebwa, chofe tiyo dlo, epi pou fè anpil lòt travay moun k ap sèvi avèk li a pral dekouvi. Longè 12 pous; pwa 5 ons;

..... pri **25 kòb chak**

Zouti pou Ouvri Mamit.

Nimewo 15102. Zouti ak Wou Dantle pou Ouvri Mamit, ki gade


tankou youn nan pi bon zouti yo janm fè pou ouvri mamit. Lam asye, gid an fè pilyab, kouvri ak yon kouch nikèl, manch an bwadchèn antik avèk tib koneksyon an leton. Yon bèl zouti ou kapab fè konfyans. Longè 6 pous; pwa 3 ons; pri **10 kòb chak**; pri yon douzenn..... **1,08 \$**
 No. 15103 Zouti Zetwal pou Ouvri Bwat avèk manch an fè kouvri an yon kouch nikèl. Longè 6 pous 1/2 pwa 3 ons

Pri chak..... **8 kòb**
 **87 kòb pou**
 yon douzenn

No. 15104. Zouti pou Ouvri Mamit, lam asye, manch an font. Pri chak..... **4 kòb**
 **38 kòb pou**
 yon douzenn

Nimewo 15105. Se yon bagay ki klè, Zouti pou Ouvri Mamit Sprague la, se pi bon zouti pou ouvri mamit yo vann pou pri sa a. Pri **5 kòb chak;** **54 kòb pou yon douzenn**

Nimewo 15109. Snip Snap oswa Fistibal. Ti gason yo kapab amize anpil avèk li...



7 Nonmen **yon** machandiz nan katalòg la ki sanble yon machandiz ki sèvi anpil jodi a. [1]

Score-Nòt

8 Nonmen **yon** machandiz nan katalòg la, epi eslike poukisa machandiz sa a pa sèvi ankò jodi a. [1]

Score-Nòt

9 Eslike kouman yon sistèm transpò ki te vin pi bon te yon faktè enpòtan, pou fè lavant pa korespondans mache byen. [1]

Score-Nòt

Baze repons ou pou kesyon 10 pou rive 12 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

. . . Pandan tan sa a, anndan peyi a



10 Nonmen lide prensipal ki parèt nan desen sa a. [1]

Score-Nòt

11 Bay *yon* rezon pou sipòte *chak* opinyon moun yo voye monte nan desen an. [2]

Rete nan Vyetnam: _____

Score-Nòt

Soti nan Vyetnam: _____

Score-Nòt

12 Kilès, nan dwa Konstitisyon proteje yo, ki parèt nan desen sa a? [1]

Score-Nòt

FOR TEACHER USE ONLY
Part II Score _____

